

Ouragan Irma: Pwogram Reyachte Kay Volontè a

Florida Department of Economic Opportunity
107 E. Madison Street Caldwell Building
Tallahassee, FL 32399



Se Inite Gouvènman Lokal Jeneral yo k ap aplike oprè Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la pou yo resevwa finansman antanke sou-benefisyè ki dwe itilize aplikasyon sa a.

NON APLIKAN AN

KONTE

COG/Komisyon Planifikasyon

Rejyonal DR-4332 - 2017

Nimewo ak Ane Deklarasyon Katastwòf la

ENFÒMASYON SOU GOUVÈNMAN LOKAL LA

Aplikan Gouvènman Lokal la:				Konte Elijib:		
Kontak Onivo Lokal:				# DUNS:		
Tit:			Imèl:			
Adrès Postal:				Nimewo Telefòn		
Vil:		Eta:		Kòd Postal:		
Fonksyonè Egzekitif ki gen Otorite pou Siyen Aplikasyon an:				Nimewo Telefòn		
Tit: Adrès Ofisyèl			Imèl:			
Fonksyonè						
Egzekitif la (si l differan):		Eta:		Kòd Postal:		
Vil:						
Tanpri note nenpòt lòt manm UGLG ki nan Aplikasyon sa a Ekip, si genyen:	Moun pou Kontakte a:			Adrès imèl:		
Tanpri konfime w te soumèt yon rezolisyon yo siyen ki otorize Fonksyonè Egzekitif la pou l siyen aplikasyon an ak sètifikasyon yo.	Wi:	<input type="checkbox"/>	Non	<input type="checkbox"/>		

ENFÒMASYON SOU MOUN K AP PREPARE APLIKASYON AN

Ajans oswa Konpayi k ap Prepare Aplikasyon an						
Moun pou Kontakte a:						
Adrès:						
Nimewo Telefòn:		Imèl:				
Tcheke Tip Ajans lan Preparasyon Aplikasyon an:	Sosyete Prive:	<input type="checkbox"/>	Ajans Gouvènman:	<input type="checkbox"/>		
Konsèy Planifikasyon Rejyonal:	<input type="checkbox"/>	Lòt, presize:				

ENFÒMASYON SOU APLIKASYON AN

Kantite Finansman CDBG-DR Total yo Mande:						
Fè yon lis jiridiksyon pou aktivite rekiperasyon yo pwopoze yo (minisipalite, gouvènman tribi, zòn ki pa enkòpore an minisipalite yo):						
Tanpri konfime ke Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon an kouvrir gouvènman lokal la?	Wi:	<input type="checkbox"/>	Non	<input type="checkbox"/>		
Tanpri konfime aktivite yo pwopoze yo konfòm ak plan global lokal la?	Wi:	<input type="checkbox"/>	Non	<input type="checkbox"/>		

APLIKASYON POU ASISTANS FEDERAL SF-424

Chak aplikan k ap aplike pou finansman nan kad Sibvansyon Global pou Developman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf la (CDBG-DR) dwe sètifye lè yo siyen Fòmilè SF-424 la ke yo te swiv sètifikasiyon lokal ki enkli nan gid aplikasyon ki reji finansman sa a pandan preparasyon nenpòt aplikasyon pou pwogram CDBG-DR a, epi si yo resevwa finansman, y ap kontinye swiv yo. (*Sonje: Fo sètifikasiyon ka lakoz yo antame yon pwosè lajistis kont jiridiksyon an.*)

"*Atansyon: Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay HUD gendwa sijè a sanksyon sivil oswa kriminèl daprè 18 U.S.C. 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729.*"

Anplis de sa, lè w siyen ak soumèt SF-424 la ansanm ak aplikasyon an, moun ki siyen an otorize eta oswa nenpòt reprezantan otorize pou yo verifye enfòmasyon ki gen ladan yo kòmsadwa. Tit 18, Seksyon 1001 kòd Etazini an deklare ke yon moun ap koupab de yon KRIM GRAV lè yo konnen yo fè fo deklarasyon bay nenpòt depatman ki nan Gouvènman Etazini an.

Tout aplikan yo dwe vini ak yon Aplikasyon pou Asistans Federal SF-424, Nimewo OMB: 4040-0004, Dat Ekspirasyon: 31/10/2019 yo ranpli ak siyen. SF424_2_1-V2.1

ENTWODIKSYON AK ENSTRIKSYON YO

ENTWODIKSYON: Aplikasyon sa a se pou Pwogram Reyachte Kay Volontè nan kad Pwogram Rekonstwi Florid la. Se Inite Gouvènman Lokal Jeneral yo (UGLGs) k ap aplike antanke sou-benefisyè pou finansman nan pwosesis reyachte kay rezidansyèl Ouragan Irma te andomaje nan kominote lokal UGLG yo ki dwe itilize aplikasyon sa a. Se Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (DEO) k ap administre pwogram sa a epi y ap finanse I gras a alokasyon Sibvansyon Global pou Developman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf (CDBG-DR) Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini an (HUD), jan yo dekri nan Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo.

Yo dwe itilize fon CDBG-DR yo pou depans ki gen rapò ak katastwòf yo nan zòn ki pi afekte ak zòn ki pi an detrè yo, pou fwaye ki gen revni fèb ak modere yo, epi y ap konsantre sou fwaye ki pa t gen asirans inondasyon nan moman Ouragan Irma te frape a.

Li obligatwa pou aplikan UGLG yo bay ase detay sou pwosesis reyachte pwopriyete rezidansyèl la, objektif nasyonal la, zòn jewografik/zòn sible ki pral resevwa avantaj la, konbyen yo estime I ap koute ak materyèl yo bezwen yo, delè yo prevwa I ap fini, nenpòt enpak anviwònmantal potansyèl I ap genyen, ak lòt detay ankò ki espesifik a pwosesis pou reyachte oswa aktivite ki asosye yo. Yo dwe ranpli aplikasyon an konplètman pou yo ka konsidere yo pou finansman an.

Yo ankouraje aplikan yo pou yo devlope aktivite pou reyachte kay rezidansyèl yo a nan yon fason ki konsidere yon apwòch entegre ki gen ladan lojman, obligasyon lojman ekitab yo, enfrastrikti, revitalizasyon ekonomik, ak rekiperasyon kominote a an jeneral. Aplikan yo dwe dokimante fason aktivite pou reyachte kay rezidansyèl yo pral abòde rekiperasyon alontèm ak pwomouwva rezistans kominotè.

Li obligatwa pou aplikan yo konfòme yo ak Lwa sou Lojman Ekitab la (Modifikasyon Lojman Ekitab 1988 la) 24 C.F.R. § 570.487(b), ak Asistans pou Demenajman Inifòm lan ak Lwa sou Politik Akizisyon Pwopriyete Imobiliye 1970 la, jan yo modifie I la (URA), 42 USC 4601 – 4655, 49 CFR pati 24, 24 CFR pati 42, ak 24 CFR 570.606.

Tout aplikan yo finanse kòm sou-benefisyè yo dwe reyalize tout aktivite yo nan yon fason ki pap lakoz yo resevwa avantaj doub yo entèdi jan yo defini nan Seksyon 312 Lwa sou Sekou Aprè Katastwòf ak Asistans Ijans Robert T. Stafford 1974 la (42 U.S.C. 5155 et seq.) ak jan yo dekri nan Lwa sou Apwopriyasyon yo. Antanke yon sou-benefisyè yo finanse, tout aplikan ki reyisi yo dwe konfòme yo ak egzijans HUD pou avantaj doub yo, ke Lwa Stafford la preskri a, Avi Anrejistremant Federal aplikab (yo), gid HUD genyen sou avantaj doub yo, ak politik ak pwosedi DEO genyen sou avantaj doub yo. Sou-benefisyè yo dwe devlope ak reyalize tou politik ak pwosedi sou avantaj doub yo ki konfòm a sous reglementè ak gid sa yo. DEO pral siveye chak sou-benefisyè pou asire yo konfòme yo ak règ, règleman, gid, politik ak pwosedi avantaj doub yo, ansanm ak asire yo konfòme yo ak tout lòt règleman transvèsal federal ki obligatwa yo.

ENSTRIKSYON YO:

1. Ranpli epi siyen SF-424 la jan yo endike anwo a.
2. Ranpli aplikasyon pou Reyachte Kay Volontè sa a.
3. Verifikasiyon: Si aplikab, bay Verifikasiyon Inik ki pi resan konfòmeman ak 2CFR Pati 200, Egzijans Administrasyon Inifòm yo, Prensip Depans yo, ak Egzijans Verifikasiyon pou Prim Federal yo. Anplwaye pwogram Rekonstwi Florid la yo pral revize egzijans verifikasiyon inik lan pou sou-benefisyè aplikab yo, ki gen kontra ouvè ak DEO yo.
4. DEKLARASYON FINANSYE ANYÈL YO: Bay deklarasyon finansye ki pi resan yo prepare konfòmeman ak 2 CFR 200.510. Mete yon lis depans ak lis konstatasyon yo ak depans mizankoz yo.
5. ANPLWAYE KLE YO: Bay non ak enfòmasyon kontak anplwaye ki pral responsab pou fè sipèvizon aplikasyon an onivo lokal, kontra potansyèl

la, ak tout egzijans aplikab yo.

6. Bay PWOSEDI AK POLITIK SOU ACHA LOKAL YO ansanm ak lòt dokiman obligatwa yo.

Pou w jwenn plis detay sou enstriksyon pou ranpli aplikasyon an, gade nan paj 14 aplikasyon sa a.

PATISIPASYON SITWAYEN AN TE DETÈMINE BEZWEN NAN PLAN SA A GRAS A:

Eske aplikan an te reyalize pwosedi patisipasyon sitwayen an konfòmeman ak Plan Patisipasyon Sitwayen an jan dokiman reglementè yo preskri a? Refere a Rejis Federal reglementè a ak Konsepsyon Pwogram Reyachte Kay Volontè ou a pou w jwenn enfòmasyon espesifik konsènan Plan Patisipasyon Sitwayen yo. Wi Non

Bay detay sou kote yo te bay sitwayen ki nan zòn sible a, ki gen revni fèb ak modere yo opòtinite pou yo patisipe nan pwosesis detèminasyon an.

Yon fwa aplikan an klike sou bwat 'Opòtinite' a, I ap ka ajoute evènman lè I klike sou siy "+" la ki sitiye sou lamen dwat la

Opòtinite: Dat: Klike oswa tape pou w antre yon dat.

Dat rezolisyon ki otorize yo soumèt aplikasyon an: Klike oswa tape pou w antre yon dat.

EVALYASYON BEZWEN KOMINOTÈ YO

DESKRIPSYON BEZWEN YO TRETE NAN APLIKASYON SA A (YO)

Nan seksyon sa a, bay repons konplè ak apwofondi a chak kesyon ki anba la yo. Deskripsyon yo dwe gen ladan koz domaj la, kondisyon aktyèl aktivite a, ak yon deskripsiyan pwojè an tout detay ki koresponn ak menm enfòmasyon yo te mete nan Tablo 1 ak Tablo 2 a. Pwosesis reyachte a oswa aktivite a dwe demontre enpak Ouragan Irma te genyen yo. Yo dwe itilize fon CDBG-DR yo pou reyachte zòn rezidansyèl yo nan objektif pou sipòte espas lib pèmanan k ap soutni enfrastrikti ekolojik oswa lòt sistèm jesyon plèn inondab yo.

Sitiyasyon yo abòde nan aplikasyon sa a te premye rive nan dat: Klike oswa tape pou w antre yon dat.

1. Tanpri dekri enpak Ouragan Irma ak nanopòt lòt inondasyon oswa kondisyon ki lye ak ouragan ki te rive apre pasaj li ki kontinye agrave zòn ki gen tandans inonde yo (mete dat ak dire yo), zòn (pa egzanp: soudivizyon yo, vil yo, elatriye) k ap resevwa domaj ak enterè ki lye ak katastwòf la, ak menas yo te poze a sante ak sekirite piblik la:

2. Dekri enpak yo gen sou kominate a (espesyalman avèk letan):

3. Dekri pwojè yo pwopoze a.

4. Dekri fason aktivite yo pwopoze a pral abòde dega Ouragan Irma te afekte yo ak yon avantaj li genyen pou LMI si aplikab.

5. Dekri enpak k ap genyen si yo pa aji.

6. Mete lis materyèl epi atache materyèl yo soumèt kòm dokiman sipò pou kondisyon ki lye a Ouragan Irma a yo:

PWOMOUVWA LOJMAN EKITAB NAN FASON FAVORAB

Nenpòt lokalite k ap resevwa fon CDBG-DR yo dwe sètifye ke I ap pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab jan yo deklare nan paj 3 anba "Entwodiksyon ak Enstriksyon yo" nan aplikasyon sa a. Itilize bwat dewoulan ki nan aplikasyon an, pou w idantifye aktivite ki deja reyalize pou pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab, ak nouvo aktive sa yo gen pou yo reyalize si CDBG-DR akòde yo yon prim ak kilè nouvo aktivite sa yo pral fin konplete. Lokalite yo dwe konnen ke, nan ka yo ta resevwa finansman, yo pral siveye efò y ap fè pou pwomouvwa lojman ekitab sa yo. Gen lòt aktivite ki gendwa elijib, epi aplikan an dwe kontakte pwogram Rekonstwi Florid la pou yo detèmine elijiblite yo.

Ki metòd ak ki kritè yo te itilize pou priyorize pwojè yo ki nan aplikasyon an, ki gen ladan efò pou pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab yo?

Aktivite (yo)

Klike anndan zòn lan epi ajoute evènman yo lè w klike sou bouton "+" la ki sitiye sou lamen dwat la

Chwazi yon atik.

Dat yo Atenn li Klike oswa tape pou w antre yon dat.

Pou konplete apati dat Klike oswa tape pou w antre yon dat.

FÈ YON LIS BEZWEN KI PA SATISFÈ YO

Lè w pran dega ki gen rapò ak katastwòf yo dekri yo, repons patisipasyon sitwayen yo, ak evalyasyon lojman an ak pwomosyon lojman ekitab nan fason favorab la an konsiderasyon, bay yon lis (ranje yo nan lòd priyorte) ki gen tout bezwen ki gen rapò ak katastwòf ki toujou poko satisfè ke Ouragan Irma te lakoz.

Klike anndan zòn lan epi ajoute evènman yo lè w klike sou bouton "+" la ki sitiye sou lamen dwat la

Antre nenpòt kontni ou vle repete, ki gen ladan lòt kontwòl kontni yo. Ou ka mete kontwòl sa tou otou ranje ki nan table a yo pou w repete kèk pati nan table a.

PLANIFIKASYON ALONTÈM

Aplikan yo dwe devlope pwojè rekiperasyon kominotè yo a nan yon fason ki considere yon apwòch entegre ki gen ladan lojman, obligasyon lojman

ekitab yo, enfrastrikti, revitalizasyon ekonomik, ak rekiperasyon kominate a an jeneral. Yo dwe considere pwosesis planifikasyon alontèm yo tou. Rekiperasyon aprè katastwòf la prezante kominate yo anpil opòtinite inik pou yo egzamine yon grand varyete pwoblèm ki gen ladan (1) kalite ak disponibilite lojman, (2) rezo woutye ak fewovyè yo, (3) pwoblèm anviwònmantal yo, (4) sifizans enfrastrikti ki egziste deja yo, (5) opòtinite pou modènizasyon etablisman publik ak anviwònmnan bat yo, (6) devlopman sistèm reyjonal ak entegre yo, epi (7) estimilasyon ekonomi lokal katastwòf la te afekte yo.

Aplikan yo dwe bay yon deskripsyon brèf sou fason pwojè yo trete nan aplikasyon sa a fè pati yon apwòch entegre pou rekiperasyon an oswa efò planifikasyon alontèm y ap fè nan kominate a yo.

Dekri plan rekiperasyon global aplikan an ak fason pwojè y ap trete nan aplikasyon sa a pral vanse plan sa a. Mete enfòmasyon konsènan fason pwojè a pral espesifikman abòde rekiperasyon ak restorasyon lojman alontèm nan zòn ki te plis afekte ak zòn ki plis an detrè yo. Mete ladan fason kominate a pral pi rezistan kont katastwòf yo alavni gras a pwojè sa yo.

ENFÒMASYON SOU ACHA

Li obligatwa pou tout aplikan yo swiv direktiv acha yo tabli nan 2 CFR §200.318-§200.326 pou administrasyon sibvansyon, sèvis anviwònmantal, ak sèvis enjeniri yo si y ap itilize fon CDBG-DR yo pou peye vandè tyès pati pou sèvis sa yo.

Aplikan yo dwe bay yon kopi politik ak pwosedи acha lokal yo ansam a aplikasyon sa a. Anplis de sa, aplikan an dwe bay kopi nenpòt demann acha, òf, prim ak kontra yo pandan vizit siveyans DEO yo.

Wi Non

1. Èske aplikan an te chwazi itilize yon administratè tyès pati pou administre pwojè li pwopoze a?

Si wi, èske vandè a te bay sèvis anviwònmantal yo tou?

Wi Non

Si repons lan se Wi pou nenpòt nan kesyon anwo a yo, epi yo te sekirize vandè a deja, bay non, nimewo telefòn, ak imèl vandè a.

Si Wi, men yo poko sekirize vandè a, respekte règleman 2 CFR §200.318-§200.326 pandan pwosesis acha a.

Non Konpayi a

Non Moun pou
Kontakte a

Telefòn

Imèl

2. Èske aplikan an te achte nenpòt lòt sèvis?

Wi Non

Si repons lan se Wi, epi yo te sekirize vandè a deja, bay non, nimewo telefòn, ak imèl vandè a.

Si Wi, men yo poko sekirize vandè a, respekte règleman 2 CFR §200.318-§200.326 pandan pwosesis acha a. Tip Sèvis la

Non Konpayi a

Non Moun pou
Kontakte a

Imèl

<input type="text"/>	Telefòn	<input type="text"/>
----------------------	---------	----------------------

LWA SOU ASISTANS POU DEMENAJMAN INIFÒM AK POLITIK AKIZISYON PWOPRIYETE IMOBILYE (URA)

a. Èske pwojè a beswen asistans pou demenajman oswa nenpòt lòt aktivite ki egzije konfòmite ak URA?

Wi Non oswa N/A

b. Èske asistans yo mande a lakoz demenajman fanmi, moun, fèm oswa biznis yo?

Wi oswa Non

Si wi,
eksplike

Si nenpòt pwojè yo pwopoze lakoz moun demenaje, pwogram Rekonstwi Florid la pral travay ak Sou-benefisyè a pou yo ka konfòme yo ak egzijans ki tabli daprè Asistans pou Demenajman Inifòm ak Lwa sou Politik Akizisyon Pwopriyete Imobilye yo, ak egzansyon ki aplikab yo.

REZIME PWOJÈ A

Rezime Pwojè a gen twa pati pou chak zòn sible, deziyasyon Zòn Rediksyon Risk Katastwòf, ak/oswa aktivite a: (1) rezime pwoblèm lan (yo), (2) deskripsyon lokalite ak pwosesis reyachte a, ak (3) detay mezi yo te pran pou rezoud pwoblèm yo.

1. Rezime pwoblèm lan (yo) ki anndan aplikasyon an ke zòn sible a ap abòde yo.

2. Idantifye tit pwojè a ak lokalite kote chak aktivite ak tout kote y ap reyachte yo. Bay yon kat jewografik k ap idantifye lokalite kote pwojè a ye a.

SONJE: Pou tit la, yo dwe kenbe òtograf ak itilizasyon majiskil tit pwojè a/lokale yo idantifye nan aplikasyon sa a nan tout dokiman yo pou asire yo ka idantifye chak pwojè byen klè. Pa egzanp, yon pwojè ki gen tit "Big Grounds, Site 3" isit la, dwe parèt menm jan "Big Grounds, Site 3" nan chak lòt referans ki gen nan aplikasyon sa a. Yon referans diferan tankou "big grounds subdivision" oswa "#3 Big Street" yon lòt kote nan aplikasyon an ka lakoz reta nan pwosesis revizyon elijiblite a

Tit Pwojè a:	
--------------	--

Lokalite kote li ye a:	
------------------------	--

Kòman yo pral itilize pwopriyete a lè l fini:	
---	--

Ensitasyon oswa aktivite adisyonèl yo	
---------------------------------------	--

3. Idantifye aksyon (yo) yo te pran pou rezoud pwoblèm (yo) ak rezulta yo prevwa yo. Mete materyèl espesifik yo ak kantite yo.

4. Si w ap rantabilize fon yo, bay sous fon yo, kantite finansman an, ak yon deskripsiyon itilizasyon fon yo.

OBJEKTIF NASYONAL YO

Objektif Nasional y ap satisfè yo:

- 1. Aktivite ki nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere yo.
 - LMHI (Ensitasyon pou Lojman)
 - LMB (Reyachte Fwaye)
 - LMH (Avantaj Zòn lan)

- 2. Prevansyon/Eliminasyon Bidonvil oswa Riyin. Baz Zòn lan Baz Lokalite

Wi Non

Èske yo te ofisyèlman deziyen zòn pwojè yo pwopoze a kòm yon zòn bidonvil oswa Riyin?

Si wi, ki kondisyon ki genyen nan zòn y ap deziyen an epi kalifye zòn lan kòm yon bidonvil oswa zòn ki an riyin?

Antre pou santaj bilding/pwopriyete k ap deteryore yo nan zòn lan nan moman yo te deziyen l kòm yon bidonvil oswa zòn ki an riyin (antre valè kòm desimal).

Si aktivite a kalifye pou asistans CDBG-DR la sou baz amelyorasyon publik toupatou nan zòn lan nan yon eta deteryorasyon jeneral, antre yon deskripsyon chak tip amelyorasyon k ap fèt nan zòn lan ak kondisyon li nan moman yo te deziyen zòn lan kòm bidonvil/zòn ki an riyin lan.

Antre ane yo te deziyen zòn lan kòm yon bidonvil/zòn ki an riyin.

3. Bezwen Ijan

Wi Non

Èske kondisyon ki egziste yo poze yon pwoblèm grav ak yon menas imedya pou sante oswa byennèt kominate a?

Wi Non

Èske aplikan an kapab finanse pwojè a pou kont yo? Oswa gen lòt sous finansman ki disponib?

Bay jistikasyon pou metòd idantifikasyon benefisyè yo te itilize pou satisfè Objektif Nasional la:

TABLO 1: BIDJÈ KONTRA A AK IDANTIFIKASYON BENEFISYÈ

Ranpli yon tablo apa pou chak aktivite oswa zòn sible. Y ap bezwen yon sèl Tablo 1 sèlman si se menm zòn sible a, menm benefisyè yo, ak menm objektif nasyonal la ki aplike. Si nenpòt nan sa yo diferan, ajoute yon nouvo Tablo 1. Refere a Gid Aplikasyon an pou w jwenn enstriksyon yo.

Bay enfòmasyon global sou bidjè a epitou mete tout Lòt Fon yo (FEMA, asirans, lokal, elatriye) ke yo angaje pou fini pwojè yo pwopoze yo. Itilize bouton + la pou w ajoute pwojè adisyonèl yo. Itilize bouton X la pou w retire yon pwojè.

Refere a Gid Aplikasyon an pou w jwenn enstriksyon yo.

TABLO BIDJÈ AK BENEFISYÈ:

Deskripsiyon Aktivite a:	Kantite Total Inité yo	LMI Inité yo	LMI %	Objektif Nasyonal	CDBG-DR Total Demann	Lòt Sous yo	Total Aktivite a
Chwazi yon atik.				Chwazi yon atik.		2	3
Chwazi yon atik.				Chwazi yon atik.		2	3
Total Rezime a:	0	0	0.0		0		0

TABLO 2 - REPATISYON BIDJÈ PWOJÈ
SIRMANOVAN

Bay enfòmasyon global sou bidjè a.

Tit Pwojè a:

Deskripsyon Aktivite a	Deskripsyon Travay la	Tip Finansman	Eksplikasyon	Bidjè
Reyachte	Chwazi yon atik.	Chwazi yon atik.		
Reyachte	Chwazi yon atik.	Chwazi yon atik.		

KALANDRIYE PWOJÈ A

Mete aksan sou dire yo prevwa an mwa pou chak faz pwojè a lè w klike sou mwa w dezire yo. Si yon faz pa aplikab, kite l blanch. Yo atann pou pwojè yo fin konplete nan delè 24 mwa apre egzekisyon kontra ant aplikan an ak DEO. Bay nenpòt kòmantè konsènan kalandriye a ki ka itil. Tit Pwojè a:

	Mwa	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24
Sèvis Pwofesyonèl pou Acha																										
Aplikasyon ak Delvopman Politik/Plan Sansibilizasyon aplikab																										
Konsèy Revizyon Anviwòmantal																										
Òf Piblisite/Atribisyon Kontra																										
Reyachte																										
Aktivite Atenyasyon yo																										
Administrasyon Jeneral																										
Verifikasyon ak Likidasyon																										

Sonje: Si pwojè yo pwopoze a bezwen yon delè ki pi long pase 24 mwa, yo dwe bay jistifikasyon pou sa.

Kòmantè yo:

SÈTIKASYON LOKAL YO

Siyatè otorize a dwe siyen tout aplikasyon. Lè w siyen aplikasyon sa a, moun ki siyen an otorize eta oswa nenpòt reprezantan otorize pou yo verifye enfòmasyon ki gen ladan yo kòmsadwa. Yo dwe note ke atik 18 USC § 1001 deklare ke nenpòt moun ki (1) konnen oswa volontèman falsifye, kache, oswa disimile gras a nenpòt estratajèm, manigans, oswa dispozitif fè materyèl, (2) fè nenpòt deklarasyon oswa reprezantasyon ki materyèlman fo, fabrike oswa fwodilez; oswa (3) fè oswa itilize fo ekriti oswa dokiman konesan ke yo gen nenpòt fè ki materyèlman fo, deklarasyon ki fabrike oswa fwodilez, sa ap yon enfraksyon federal ke lalwa ka pini. Tit 18, Seksyon 1001 kòd Etazini an deklare ke yon moun ap koupab de yon KRIM GRAV lè yo konnen yo fè fo deklarasyon bay nenpòt depatman ki nan Gouvènman Etazini an.

Chak aplikan k ap aplike pou finansman Rekiperasyon Aprè Katastwòf CDBG a dwe vini ak yon Aplikasyon pou Asistans Federal Fòmilè Estanda 424 la (SF-424) yo ranpli ak siyen.

Chak aplikan dwe konfòme yo ak dispozisyon ki nan Lwa sou Politik Anviwònmantal Nasyonal la (NEPA), règleman Konsèy sou Kalite Anviwònmantal la yo (CEQ), egzijans ki tabli nan tit 24 Kòd Règleman Federal yo (CFR) pati 58, ak direktiv politik DEO-Rekonstwi Florid aplikab yo. Tout lwa eta ak federal aplikab yo, ki gen ladan lwa anviwònmantal, lwa mendèv yo (Davis-Bacon), pwosedi acha yo ak egzijans kontra ki nan 2 CFR 200.318 -200.326, ak egzijans dwa sivil ki aplike pou itilizasyon fon sa yo. Chak aplikan sètifye, konfòmeman ak egzijans yo prezante nan Volim 81, Nimewo 224 Rejis Federal la ki an vigè depi 9 fevriye 2018 la, ke:

- a. Li gen anplas epi l ap swiv yon plan asistans antidemenajman ak reyenstalasyon rezidansyèl an koneksyon ak nenpòt aktivite yo ede avèk finansman nan kad pwogram CDBG-DR a;
- b. Li swiv epi li konfòm a restriksyon ki gen sou gwoup k ap fè presyon yo jan 24 CFR pati 87 la preskri a, ansam ak fòmilè divilgasyon yo, si pati 87 la egzije sa;
- c. Li pral konfòm a egzijans acha ak reyenstalasyon ki nan Lwa Inifòm lan (URA), jan yo modifye l la, epi fè respekte règleman 49 CFR pati 24 la, eksepte kote egzansyon yo oswa egzijans altènativ yo preski nan avi Rejis Federal la.
- d. Li pral konfòm a seksyon 3 Lwa sou Lojman ak Devlopman Iben 1968 la (12 U.S.C. 1701u) epi fè respekte règleman nan 24 CFR pati 135 lan.
 - Lap swiv yon plan patisipasyon sitwayen byen detaye ki satisfè egzijans Plan Patisipasyon Piblik 24 CFR 91.105 lan yo jan sa konsène fason gouvènman lokal la administre fon CDBG-DR yo. Oswa atik 91.115 Plan Patisipasyon Piblik la jan sa konsène fason Eta administre fon CDBG-DR yo, jan sa aplikab (eksepte jan yo preskri nan avi ki bay egzansyon ak egzijans altènativ pou sibvansyon sa a). Epitou, chak Inite Gouvènman Lokal Jeneral (UGLG) k ap resevwa asistans nan men yon eta benefisyè dwe swiv yon plan patisipasyon sitwayen byen detaye ki satisfè egzijans 24 CFR 570.486 la (eksepte jan yo preskri nan avi ki bay egzansyon ak egzijans altènativ pou sibvansyon sa a). Se responsablitè UGLG k ap resevwa asistans lan pou yo devlope ak reyalize yon plan patisipasyon sitwayen ki konfòm a règleman yo.
 - Yo pral itilize fon yo sèlman pou depans nesesè ki gen rapò ak sekou aprè katastwòf, rekiperasyon alontèm, restorasyon enfrastrikti ak lojman, ak revitalizasyon ekonomik nan zòn ki pi afekte yo ak zòn ki pi an detrè yo kote Prezidan te deklakre yon gwo katastwòf pou yo an 2017 konfòmeman ak Lwa sou Sekou aprè Katastwòf ak Asistans Ijans Robert T. Stafford 1974 la (42 U.S.C. 5121 et seq.) an rapò ak konsekans Ouragan Irma yo.
 - Y ap jere ak administre sibvansyon an konfòmeman ak tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la (42 U.S.C. 2000d) ak Lwa sou Lojman Ekitab la (42 U.S.C. 3601-3619) epi fè respekte règleman yo, epi li pral pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab.
- a. Li te adopte politik ki annapre yo:
 - i. Yon politik ki entèdi ajans fòs lapolis yo itilize fòs eksesif anndan jiridikasyon yo kont nenpòt moun ki angaje nan manifestasyon non vyolan an favè dwa sivil yo; epi

- ii. Yon politik k ap fè respekte lwa eta ak lwa lokal aplikab yo pou anpeche yo fizikman bare antre oswa sòti nan yon etablisman oswa lokalite ki sijè a manifestasyon non vyolan an favè dwa sivil sa yo anndan jiridiksyon yo.

Dat _____

Non An Lèt Detache_____

Tit_____

Imèl_____

Nimewo Telefòn_____

Moun ki Otorize a Siyen la_____